# nun de dananu yég ci sunu bopp loo xam ne dana rëy lool kenn i nun di ko wax, mu ne leen: «te yég ngeen ko?» Ñu ne ko: waaw, mu ne leen: loolu mooy ngëm gu leer

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Ay nit ci Sahaaba yi dañoo ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ñu laaj ko ne ko: nun de dananu yég ci sunu bopp loo xam ne dana rëy lool kenn i nun di ko wax, mu ne leen: «te yég ngeen ko?» Ñu ne ko: waaw, mu ne leen: loolu mooy ngëm gu leer».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Leerarug hdiis bi: Am mbooloo ci Sahaabay Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dañoo ñëw laaj ko li ñuy yég ci séen biir ci ay bir yu rëy yoy wax ko dana rëy lool ci ñoom ngir ag bonam ag ni ñu ko bañe, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne leen: loolu ngeen di yég mooy ngëm gu leer, te kóolute gi leeni yóbbu ba ngeen di tere li Saytaane di sànni ci xol yi, ba ngeen di ñaawlu wax ja, muy màgg ci séen bopp, ba Saytaane du man dara ci séen xol yi, wuuteek ñi Saytaane am kàttan ci séen i xol te amuñu lu ko man a jeñ.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65011

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee